

## GEURITAN LAN PAMULANGIPUN ING SLTA

Dening Afendy Widayat \*)

### A. Antorium Inggang Pundi Geuritan Menika ?

Ing wekdal samangke, saperangan masyarakat ing wewengkon Pulo Jawi nembe sami ubur nggatosaken satunggaling hobby inggang magepokan kaliyan jinising taneman pasren (hias) inggang namipun antorium, inggih inggang dipunwastani Jenmani, Hookeri, Gelombang cinta, Black Beauty, lsp. Katandhing kaliyan taneman sanesipun, regi antorium menika kepetang awis sanget, setunggal taneman saged ngantos dumugi 500 yuta rupiah. Menika *fenomena* mirunggan inggang ngewak-ewakaken! Lah, kados pundi menggah kawontenaning sastra Jawi, mliginipun geuritan ? Menapa ta geuritan menika ? Menapa sakintenipun saged dados satunggaling babagan inggang saged gumebyar warata, mliginipun ing masyarakat Jawi? Lah kados pundi menggah pangreka-dayanipun supados langkung mranani masyarakat, mliginipun tumrap lare SLTA?

Geuritan menika salah satunggaling cakriking karya sastra Jawi modern, kejawi cakrik sanesipun inggih menika gancaran (prosa) lan drama (sandiwara). Geuritan, menika kalebet jinising puisi. Ing sastra Jawi enggal (abasa Jawi enggal), inggang acakrik puisi menika wonten 2 werni, inggih menika tembang yasan lan tembang para. Tembang yasan, menika jinising puisi inggang pathokanipun dipunugemi sanget, inggih menika inggang gegayutan kaliyan lampah (ing sekar ageng), saha guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu (ing sekar tengahan lan sekar alit/ macapat). Tembang para, menika puisi Jawi inggang pathokanipun boten patos kenceng. Upamia wonten pathokanipun, tembang para menika boten nate kaanggit ngantos wewentehan panjang. Liripun, boten saged awujud pupuh (kempalaning pada inggang sami pathokanipun). Ing salebeting tembang para menika ing antawisipun wonten wangsalan, parikan, pepindhan, lsp. kalebet ugi guritan, inggang wekdal samangke lajeng ngrembaka lan sinebat geuritan.

---

\* Materi kangge PPM ing Guru-guru SLTA Pundong Bantul 8 Agustus 2007

Tembung geguritan mesthinipun lingganipun ‘gurit’ (Subalidinata, 1981), lajeng ewah kanthi proses dwipurwa dados gegurit, lan pikantuk panambang {-an}, mila lajeng dados geguritan. Kala semanten namung kasebat guritan, ingkang lingganipun ugi sami. Tembung gurit menika ngemperi tembung garit, goret, lan sapioturutipun, ingkang nggadhahi teges ‘coret utawi corek utawi tulis’. Guritan menika coretan, geguritan menika cecoretan utawi seseratan. nggurit utawi nggegurit menika sami kaliyan nyorek utawi nyerat. Wosipun, geguritan menika seratan, mliginipun puisi Jawi modern.

Katandhing cakrik puisi Jawi sanesipun, geguritan menika ketawis langkung bebas, liripun bebas saking saperangan pathokan, kepara menawi sampun tebih ngrembakanipun, mandar boten wonten malih pathokanipun. Mila lajeng wiyar sanget tebanipun. Pinangka conto, upami wonten panggurit ingkang ngripta geguritan namung awujud garis-garis kemawon, menawi garis-garis wau dipunwastani geguritan, inggih boten wonten klentunipun. Sumangga kemawon. Mangka geguritan menika tansah ewah gingsir trep kaliyan evolusi pepinginan lan ewah-ewahaning pangertosan ing kaendahanipun (konsep estetik) (Riffatere, via Pradopo, 2002: 3). Ewa semanten, ing babagan geguritan ingkang bakunipun kepingin mahyakaken pangangen-angen ingkang minangka piweling utawi pesen (amanat), mesthinipun inggih badhe gondhelan ing pathokan basa ingkang saged kangge komunikasi, sinaosa boten kumedah-kedah melok saestu, awit, limrahipun ingkang dipun sebat geguritan menika basanipun endah lan mila mahyakaken pangangen kanthi cara boten melok, boten langsung.

Ing riwayatipun, geguritan menika asil saking cakrik ingkang kaprabawan saking cakriking sastra nagari Barat. Mlebetipun cakrik kados geguritan ing Jawi menika udakawis taun 1900-an, meh sesarengan kaliyan wedaling cakrik novel. Ing wiwitanipun, geguritan menika sinebat guritan lan limrahipun kawiwitan kanthi tembung “sun gurit”, “sun gegurit”, utawi “guritanku”. Dangu-dangu, tembung-tembung menika ical. Sekawit, cakriking geguritan menika tasih nengenaken sanget ing babagan purwakanthi (sajak), dangu-dangu purwakanthi menika namung sacekapipun kemawon, supados boten mboseni. Mila ing satunggaling pamulangan geguritan, pinanggih paken kados makaten.

Riptanen geguritan kanthi pathokan climen kaya ing ngisor iki!

1. Wosing rembug (tema-ne) sing trep karo pengalaman endah sing tau koklakoni

2. Kahanan utawa samubarang sing kudune ora kokblakakake, gawenen pasemone (simbolisasine)
3. Miliha tembung-tembung (diksi) sing trep karo makna sing kokkarepke, pigunane lan kaendahane.
4. Gawekna purwakanthi sakcukupe, supaya luwih endah, nanging ya aja nganti mboseni
5. Tatanen larik-larike lan bait-baite supaya ora nggladrah lan ya ora mboseni
6. Pilihna irah-irahane (judhule) sing trep karo isine ning ya sing mirunggan (khusus) supaya narik kawigatene sing maca.

## **B. Cakriking Geguritan**

Cakriking karya sastra menika karacik saking strukturipun piyambak-piyambak, kalebet geguritan. Ewa semanten limrahipun ugi kabangun saking peranganing struktur ingkang gumathok, sinaosa boten sedaya sami. Umumipun, geguritan saged kaperang dados blegering geguritan lan isining pirembagan.

Blegeripun saged arupi tipografi tartemtu, irah-irahan, pada-pada, larik-larik, basa (lelewaning basa, frasa, tembung, wanda, lsp.), purwakanthi lan ukuran-ukuran alit ingkang sampun nggadhahi makna. Mila senajan namung titik utawi koma, menawi sekintenipun sampung ngewrat makna inggih penting. Sedaya perangan wau lajeng dados setunggal nyengkuyung wetahing wujud geguritan wau. Inggih saking blegering geguritan wau saged ugi magepokan kaliyan maknanipun. Upami tipografinipun ngemper-emperi pawestri, inggih kedah dipun gayutaken kaliyan makna ing perangan sanesipun, irah-irahanipun menapa, tembung-tembungipun kados pundi, larik-larikipun, lsp.

Isining pirembagan utawi temanipun temtu kemawon werni-werni gegayutan kaliyan gesanging manungsa, alam lan Gusti Ingkang Murbeng Gesang. Inggih amargi temanipun menika, asring satunggaling geguritan menika nggadhahi makna ingkang limrah ngantos ingkang lebet sanget tebanipun. Upaminipun wonten ing dolanan bocah, wonten geguritan makaten.

Enthung, enthung

Endi elor endi kidul

Ger-ger mencloka pager

Geguritan menika mila saged namung dipunmaknani enthung saestu ingkang asring gela-gelo; nanging ugi saged dipunmaknani tiyang ingkang bingung. Inkang dipun takekaken endi elor endi kidul. Lor menika utara ingkang maknanipun langkung inggil utawi langkung utami. Temtu kemawon kidul menika langkung andhap. Tiyang ingkang bingung boten saged milih ingkang sae lan boten, menika mesthinipun gondhelan paugeran ingkang sampun gumathok, boten ngantos nerjang wewaler utawi pager. Mila ing geguritan menika ‘ger ger mencloka pager’. Wosipun pundi ingkang becik lan pundi ingkang boten sae, kedah gondhelan paugeran. Tuladhanipun malih *Menthog-menthog*.

*Menthog-menthog* menika ugi kalebet sekar dolanan, cakepanipun makaten.

menthog-menthog dakkandhani

mung rupamu angisin-isini

mbok ya aja ngetok ana kandhang wae

enak-enak ngorok ora nyambut gawe

menthog-menthog mung lakumu megal-megol gawe guyu.

Sekar dolanan menika saged dipun maknani menthog saestu, nanging ugi kenging dipun maknani tiyang ingkang sampun nyebal saking paugeran (koruptor, maling, begal, lsp.). Tiyang makaten lajeng rupinipun ngisin-isini, lan lampahipun megal-megol boten lurus utawi boten leres.

Kados pundi tuladha sanesipun? Buta-buta galak? Kate-kate dipanah? Sedaya geguritan menika asipat makaten, inggih menika saged dipunmaknani limrah lan wantah, ugi saged dipunmaknani ingkang langkung lebet.

### **C. Menapa Piyandeling Geguritan Menika ?**

Saperangan kanca ingkang mersudi ing babagan sastra Indonesia lan sastra Jawi, ngendikakaken bilih langkung saged miraosaken geguritan, tinimbang puisi Indonesia. Bab menika sumangga kemawon. Namung kemawon, estunipun geguritan menika nggadhahi sangu ingkang mila sugih bandha-bandhu, glondhong pengareng-areng guru bakal-guru dadi. Liripun, geguritan menika gadhah basa lan budaya Jawi, ingkang mila panjang pocapane, punjung kawibawane. Basa Jawi lan budayanipun menika sugih ngelmi ing samukawisipun mandar oyodipun ugi sampun ngrembaka wiyar lan kiyat.

Ing mriki kula aturaken sekedhik bab seratan kula ngengingi raosing geguritan ingkang nyamleng lan tumanjem, ingkang nate kawrat ing media harian *Suara Merdeka*, Minggu, 19 Okt 2003, h.25

## 1. Geguritan, Rasane Luwih Nyamleng lan Tumanjem

Geguritan mujudake jinising karya sastra Jawa kang paling akeh etungan asile. Saora-orane yen katandhingake jinising cerkak, paling ora tikel telune. Bab iki, ora nggumunake, kaya dene asiling puisi ing basa-basa liyane, jalaran jinising puisi iku *relatif* luwih cekak lan luwih bebas tinimbang jinis liyane. Mesthi wae bab mau banjur magepokan karo proses kreatif produksi geguritan. Saka panggurite, ora mokal yen luwih entheng konsentrasine, marga mung butuh kalodhangan wektu lan pathokan sethithik. Saka penerbitane, mesthi wae bisa ngemot luwih akeh tinimbang jinis liyane. Magepokan karo bebase, jinis geguritan iku luwih bebas ninggalake wewaler-wewaler *konvensional*, mligine sing ana gayutane karo pathokaning basa (basa *normatif*). Malah Sutardji Calsoum Bachri, kalebu dhedhengkote *penyair* Indonesia, nate gawe sensasi nganggo *kredo*, sing isine mbebasake puisi saka makna basa *normatif*. Yen wis kaya ngene iki ora mokal yen asiling geguritan iku paling produktif.

Sasuwene iki uripe geguritan kaya-kaya anyep-anyep wae, utawa adhem-adhem wae. Nanging senajan adhem sajake ora ayem. Lire, senajan ora kuwatir yen geguritan bakal kentekan panggurite, ewa semono yen digatekake luwih premati, ora beda kaya uripe sastra Jawa liyane, sing nganti saiki durung ana tronthong-tronthonge arep ngrembaka sutresnane. Dadi sing seneng geguritan iku ya mung kuwi-kuwi wae, jaragan sastra daerah mono mung urip aneng pange sastra nasional. Pang mau ya mung pang cilik, marga mung thingis saka cawange kabudayaan dhaerah. Mula yen kawawas saka bab iki, lumrah yen geguritan kuwi satemene uripe adhem ning ora ayem. Lah, muga-muga mbaka sethithik, tulisan kaya ngisor iki bisa mahanani thukul lan semining sutresna geguritan sumrambahe sastra Jawa lan budaya Jawa.

Sejatine, nitik saka pangandikane saperangan ahli (pakar) lan sutresna sastra, geguritan-geguritan Jawa iku yen dilaras, rasane luwih nyamleng tinimbang puisi sing nganggo basa liyane, mligine basa Indonesia. Nanging apa pancen mengkono?

Geguritan iku rokok saupamane, murah meriah, saenggon-enggon ana wong adol. Yen wis kebacut ngerti lan isa ngrasakake, mesthi banjur ketagihan. Ana wong sing pilih luwe anggare bisa ngrokok. Semono uga akeh sing seneng geguritan ning ora seneng jinising prosa Jawa. Mligine para maos, geguritan iku saliyane mung butuh wektu sethithik, duwe kekuatan sing pancen ora tinemu aneng jinising prosa Jawa. Malah saperangan kekuatane geguritan iku ora tinemu aneng puisi ing basa liyane, mligine Indonesia.

Katandhingake karo jinising prosa Jawa, cetha geguritan mbundheli konvensi dhewe sing luwih unggul, mligine kang magepokan karo *tipografi* (blegere), sajak (dhong-dhinge), lan dhiksine (tembung pilihane). Diicipi sethithik wae, wis katon yen geguritan iku asring manjila *tipografi*-ne, lire blegere kaya apa utawa kaya ngapa. Antologi *Kristal Emas* (1994) contone, saperangan gedhe geguritane migunakake *tipografi* kuwi kanggo narik kawigaten. Ya marga saka *tipografi*-ne kuwi, para maos asring banjur mesem lan manthuk-manthuk, utawa malah gedheg-gedheg nalika kacundhukake karo isining geguritane, satemah cumanthel aneng netra lan pikirane, tumanjem, alias *berkesan*.

Awit saka sajak utawa dhong-dhinge, para maos asring krasa angler lan banjur nggronjal nalika mentas maca larik-larik kang dhong-dhinge ujug-ujug nylenah. Apa maneh yen pamaose iku kawetu sero (*poetry reading*), ora mung sing maca nanging uga sing mirengke ya krasa kesandhung. Tumrape *trend* geguritan paling anyar saiki, malah dhong-dhinge sengaja digawe antarane *statis* lan brancuh dadi siji. Ya bab mau kang bisa mahanani swasana pamaosing geguritan krasa nyurung njur nggondheli utawa angler njur nggronjal satemah gawe segering swasana lair lan batine sing maca.

Magepokan karo bab dhiksi, ndadekake rasaning geguritan ora mung beda karo jinising prosa Jawa, kepara malah uga beda karo jinising puisi Indonesia. Saora-orane ana rong bab kang dadi punjeraning kahanan mau. Sepisan, basa Indonesia kepetung isih enom yen katandhingake basa dhaerah, kalebu basa Melayu. Lire, kanggone mayoritas suku Jawa, basa Indonesia durung pati mbalung sungsum ing rasa. Kanggone wong Melayu, dhiksi saka basa Melayu asring kudu di *permak* supaya dadi basa Indonesia kanggo konsumsi Indonesia. Lha, ing kono njur ilang rasa sing wis mbalung sungsum ing anggane wong Melayu. Mula puisi Indonesia asring dadi cemplang rasane.

Ping pindhone, saliyane basa Jawa iku wis mbalung sungsum tumrape suku Jawa sing mayoritas kuwi, basa Jawa uga nduweni watak sing ora mung *konotatif* nanging uga *onomatopis*. *Konotatif* lire, dhiksi sing dijupuk saka basa Jawa kuwi saperangan gedhe (senajan ora kabeh) bisa ndudut rasa nglambrang adoh, saengga dadi jembar nuansa maknane. *Onomatopis* lire, akeh tembung-tembung Jawa sing ora bakal tinemu ing kamus, ning bisa dirasakake maknane. Bab iki sejatine magepokan karo dumadining tembung kang niru swara tartamtu, utawa magepokan karo peranganing alat ucap ing tutuk.

Kareben cetha, dakaturi saperangan tembung kanggo conto. Tembung-tembung sing kedadeyan saka konsonan geter /t/ uga nduweni makna ‘geter’, kayata /gregel-gregel/, /nggregeli/, /krekel-krekel/, /geter/, /pyur/, /pyir/, /pyar/, /pyor/, /kumepyar/, /ambyar/, /kropos/, /krosak/, /krusuk/, lsp. Saka tembung /pyur/, /pyir/ bisa dibedakake rasane, /pyur/ luwih akeh tinimbang /pyir/, utawa barange /pyur/ luwih gedhe-gedhe tinimbang /pyir/. Luwih gedhe-gedhe maneh tumrap /pyar/. Tembung /thel/ beda rasane karo /nel/ senajan ing kamus ora bakal tinemu. lsp.

Saka konsonan anteb nuwuhake makna kang anteb, saka konsonan amping maknane ya amping. Contone tembung /ambyar/ sing luwih manteb tinimbang karo /kumepyar/. Saka vokal ciut nuwuhake makna cilik utawa ciut, saka vokal amba nuwuhake makna gedhe utawa amba. Contone tembung /krikil/ cetha cilik, tembung /krakal/ cetha luwih gedhe. Tembung /kuwel/ lan /kekiwul/ ing ukara ‘kuwel kekiwul reruketan/, ora tinemu ing kamus, ning bisa dirasakake maknane sing ngemba tembung /uwel-uwelan/. Tembung /gagah/ sing dumadi saka konsonan anteb /g/ cetha krasa beda banget yen katandhing tembung /kunthet/ sing mawa konsonan sarwa entheng. Mula tembung /penthol/ jarene bisa dicilikake dadi saru. Semono uga konotasi sebutan bocah kaya tembung /kelik/, /thole/, /gendhuk/, /wawuk/, lsp. Mula rasane ya dadi lucu nalika anakku takon :”Thithite gajah kok ra ketok ya Pak ?”. Dakkira yen mung arep menehi conto bisa uga koran sakterbitan ora bakal cukup kanggo ngemot.

Bali marang para maos, kalebu para panggurit, yen tlaten lan temen anggone ndhapuk lan milih bumbu tumraping geguritan, mesthi wae asile luwih nyamleng lan tumanjem, kaya sing wis asring binabar dening para panggurit kang wis pengalaman.